ТИЛ – ТУРИЗМНИҢ ЕСИГИ

Ҳәр қандай халықтың мәденияты, үрп-әдет дәстүрлери ҳәм бай тарийхын басқа мәмлекетлерге таныстыўда туризм әҳмийетли қурал есапланады. Раўажланған заманда туризм тараўының жетилисиўи, ең дәслеп, сөйлесиў қәбилети жоқары, шет тиллерин жақсы өзлестирген қәнигелерге болған зәрурликти келтирип шығармақта. Усы көзқарастан алып қарасақ, тил - бул туризм тараўы ушын стратегиялық әҳмийетке ийе тийкарғы факторлардан бири.

Туризм ҳәм тил — бир-бирине тығыз байланыслы тараўлар. Заманагөй дүньяда шет тиллерин билмей турып, туризмди раўажландырыў қыйын. Сонлықтан, ҳәр бир студент бул тараўда өз орнын табыўы, халықаралық мийнет базарында бәсекилес болыўы ушын шет тиллерин пуқта өзлестириўи шәрт.

Ҳәзирги күнде туризм тараўы дүньянын көлеминде ең тез раўажланып атырған тараўлардан бирине айланды. Бул тараўда билимли кадрларға болған талап ҳәм зәрүрлик жыл сайын артып бармақта. Әсиресе, шет тиллерин жетик өзлестирген, мийман менен еркин пикирлесе алатуғын, мәмлекетимиздиң мәденияты ҳәм қәдириятларын сырт елден келген туристлерге түсиндире алатуғын кадрлар талап етилмекте.

Сонлықтан, биз сабақ өтиў процесслеринде студентлерге тек ғана тил билимлерин үйретип қоймастан, әмелий жақтан пикирлесиў, ҳәр қыйлы кәсиплик жағдайларда өзин услап тутыў, хызмет көрсетиў мәдениятын да үйретемиз. Буның ушын сабақларда инновациялық жантасыўлар, роль бериў арқалы ойынлар, жәмийетлик жумыслар, презентациялар, видео-анализлер кең қолланылады.

Сабақ процесслеринде туризмге байланыслы лекция, мийманларды қабыллаў, экскурсия өткериў, мийманхана хызмети ҳәм ҳаўа жолларындағы қарым-қатнасқа байланыслы арнаўлы темалар қамтып алынады. Бул студент-жаслардың илимий ҳәм әмелий билимлерин бирлестирип, ҳақықый турмысқа сай келетуғын кәсиплик көнликпелерди қәлиплестиреди.

Сондай-ақ, кафедрамыздың басламасы менен инглис тилинде «Speaking Club», «Tourism in English» сыяқлы дөгереклер шөлкемлестирилген. Бул дөгереклерде студентлер өз билимлерин беккемлеп, еркин сөйлесиўди раўажландырады. Мәдений илажларда, дебатларда, сырт ел тағамлары ҳәм миллий үрп-әдет дәстүрлерине бағышланған әдебий кешелерде олар белсене қатнасып келмекте.

Бизиң тийкарғы мақсетимиз — тек грамматикалық қағыйдаларды үйретиў емес, ал, ҳәр бир студентти дүнья майданында өзин еркин тута алатуғын, миллий қәдириятларды аңлататуғын, заманагөй қәниге ретинде таярлаўдан ибарат.

Тил — туризмниң есиги ҳәм гилти. Оны ашыў ушын бүгинги студентлер — ертеңги гидлер, мийманхана диспетчерлери ҳәм туризм менеджерлериниң қолында. Биз болсақ устазлар ретинде бул жолда жолбасшы болыўға, оларға илҳам ҳәм билим бериўге таярмыз.

Шахноза ҚАРШИЕВА,
Шыршық мәмлекетлик педагогикалық университети Туризм факультети факультетлер аралық шет тиллер кафедрасының оқытыўшысы.

СЕРГЕКЛИК

ЖАЗ МӘЎСИМИН КЕЎИЛЛИ ӨТКЕРЕЙИК

Қарақалпақстан Республикасы Айрықша жағдайлар басқармасы тәрепинен жаз мәўсиминде балалардың демалысын мазмунлы ҳәм қәўип-қәтерсиз өткериў мақсетинде балалар саўалландырыў ҳәм дем алыў орайлары, бағлар тийисли хызметлер менен биргеликте үйренилип шығылды ҳәм әмелий жәрдемлер көрсетилди. Соның менен бирге, шомылыў мәўсиминде пуқаралардың шомылыў қағыйдаларына қатаң әмел етиўи, шомылыў қадаған етилген орынларда шомылмаў бойынша радио, телевидениеде көрсетиў, еситириў ҳәм баспасөз бетлеринде мақалалар берилип барылмақта. Сондай-ақ, республикамыз аймағында жайласқан жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында, академиялық лицей, мектеплер ҳәм мектепке шекемги билимлендириў мәкемелеринде кең түрде түсиндириў жумыслары алып барылмақта. Тилекке қарсы, шомылыў мәўсиминиң енди басланыўына қарамастан, жас өспиримлердиң суўға кетиў ҳәдийселери ушыраспақта. Усындай жағдайлардың алдын алыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Айрықша жағдайлар басқармасы барлық пуқараларды шомылыў мәўсиминде шомылыў қағыйдаларына қатаң әмел етиўин, шомылыў қадаған етилген орынларда шомылмаў бойынша ескертип атыр.

Соңғы жыллары республикамыз аймағында жайласқан шомылыў қадаған етилген суў ҳәўизлеринде, дәрья ҳәм каналларда инсанлардың суўға кетиўи менен байланыслы бахытсыз ҳәдийселер артып бармақта. Жүз берип атырған бахытсыз ҳәдийселерде әсиресе, жас өспиримлерди қараўсыз қалдырыўлар, айырым пуқаралардың дус келген орынларда шомылыўы, жүзиў қағыйдаларын билмеўи, бийик жерлерден (көпир, терек, тик жарлар) бойын таслаўы, спиртли ишимликлер ишип суўға түсиўи баслы себеплерден болып қалмақта.

Кең көлемли профилактикалық илажлардың алып барылыўына қарамастан, суўға кетиў менен байланыслы бахытсыз ҳәдийселер ҳәр жылы орташа есап пенен 15-25 адам санына туўра келмекте. Жоқарыда келтирип өтилген жағдайлардың жүз бермеслиги ушын, егер де шаршаған болсаңыз, қатты терлеп турсаңыз, қарныңыз аш болса, жақында аўырып емлеўханадан шықсаңыз, спиртли ишимликлер ишсеңиз шомылмағаныңыз мақул.

Усы орында шомылыўға болмайтуғын жерлерди де айтып өтсек, шомылыў қадаған етилген жерлерде шомылмаў, таныс емес жерлерде суўға бас тасламаў, көпирлер, бийик қырғақлар, кеме тоқтайтын жерлер, қайықлар ҳәм кемеден суўға секириў, шегараланған белгилерден жүзип өтпеў, өтип атырған кемелер ҳәм қайықлар жанына жүзип бармаў, суў ағысы күшли болған орынларда шомылмаў керек.

Елимиздиң ҳәр бир пуқарасынан жоқарыдағы ҳәдийселер жүз бермеўи ушын шомылыў қадаған етиледи жерлерде шомылмаўыңызды, шомылып атырған жас балаларды қараўсыз қалдырмаўыңызды соранамыз.

Бахрам МУСАЕВ,
Қоңырат Сода заводы ЖШЖ ОӨҚТШБ 27-ӨҚБ уста қутқарыўшысы, әскер.

Пулатбек Қаллибекович КАМАЛОВ



Усы жылдың 27-июль күни белгили мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткер Камалов Пулатбек Қаллибекович 73 жасында дүньядан өтти.

Пулатбек Камалов 1951-жылы Нөкис қаласында дүньяға келди. Ол өзиниң дәслепки мийнет жолын 1975-жылы Нөкис қаласы санаат кәрханасы басқармаларының биринде әпиўайы уста болып ислеўден баслады. Буннан соң усы кәрханада бас инженер болып жумыс алып барды.

Ол қандай жуўапкерли лаўазымда жумыс ислесе де өзиниң билими, талапшаңлығы, жуўапкершилиги ҳәм шебер шөлкемлестириўшилик уқыбы менен ажыралып турды. Оның «Қарақалпақирмонтажқурылыс» трести бас қәнигеси, басқарыўшысы, сондай-ақ, «Аралсуўқурылыс» қәнигелестирилген қурылыс бирлеспеси баслығы сыпатында жемисли мийнет еткенин халқымыз жоқары баҳалайды.

Әсиресе, ол Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси «Аралбойы» республика бирлеспеси баслығы сыяқлы жуўапкерли лаўазымларда табыслы мийнет етип, өзин халқымызға, ана-Ўатанымызға садық перзент сыпатында таныта алды ҳәм жоқары ҳүрметке еристи, республикамыздың раўажланыўына өзиниң мүнәсип үлесин қосыўы нәтийжесинде «Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген қурылысшы» атағы менен сыйлықланды.

Бүгинги күнде оның көплеген шәкиртлери елимиздиң барлық орынларында, түрли тараўларда Ўатанымыздың еле де гүллеп-раўажланыўы жолында табыслы мийнет етпекте.

Мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткер, өз өмирин елимиздиң раўажланыўына бағышлаған ҳақыйқый ўатансүйгиш инсан сыпатында Пулатбек Камаловтың жарқын естелиги халқымыздың ядында узақ сақланып қалады.

А.Орынбаев, Ф.Эрманов, Р.Сапарбаев, Ш.Өтемисов. Т.Абдижаппаров, А.Данияров.

ЛАБУБУ. ОЛ ҚАНДАЙ ОЙЫНШЫҚ! ҚӘЎИПЛИ ME ЯКИ...

Соңғы ўақытлары социаллық тармақларда балалар арасында Лабубу атлы ойыншықтың трендке айланып атырғанлығының гүўасы болып атырмыз. Көриниси жағынан жағымсыз, ҳәтте, айырым жасы үлкенлер ушын да қорқынышлы көринетуғын бул ойыншықты бақша жасындағы нәрестеден баслап мектеп жасындағы балаларға шекем жақсы көреди. Хош, балалар не ушын «жаман» ойыншықларға қызығады? Бундай ойыншық бала психологиясына қандай тәсир көрсетеди? Ол балалар ушын қәўипли ме?

ЛАБУБУ ҚАШАН «ДҮНЬЯҒА КЕЛГЕН!»

Балалардың таласып сорап атырған ойыншығы соңғы ўақытларда пайда болған сыяқлы көринсе де ол биринши мәрте 2015-жылы гонконглы художник Касинг Лунгтың устаханасында басланған. Гонконгта туўылып, Нидерландияда жасаған 43 жасар иллюстрациялаўшы «Монстрлар» атамасындағы бир қатар сүўретли китаплар үстинде жумыс ислеп атырған еди. Лабубу — тисли күлки, үлкен қулағы ҳәм мәнили көзлери бар кишкене мақлуқ — усы әлемниң тек ғана бир персонажы еди.

«Мен Лабубуды жумбақлы тоғайда жасайтуғын сойлемшек, бирақ, мийрим-шәпәәтли қубылыс сыпатында сүўретлегенмен», - деп интервью берген Лунг социал тармақларда. Художник өзи билмеген ҳалда миллиардлап долларлық пайда келтиретуғын ойыншықты жаратып атырғанын ойламаған да еди.

2019-жылы Қытайдың коллекциялық фигуркаларға қәнигелескен Поп Март компаниясы Лунгке бирге ислесиўди усыныс еткен ўақытта бурылыс дәўири басланады. Соннан баслап Лабубу китап қаҳарманынан «блинд бох» форматында сатылатуғын физикалық ойыншыққа айланды. Яғный, ойыншық ислеп шығарыўда жетекши орынды ийелейтуғын Қытайда «дүньяға келген» түри-түси әжептәўир болған ойыншық, бүгин дүнья базарында тез сатылып ҳәм көп дәрамат таўып атырған ойыншыққа айланған.

Бул ойыншықтың ең көп танылған ўақты К-поп топары Блацкпинк қосықшысы Лисаның сумкасында көрингеннен кейин басланды. Кейин ала бул тенденцияны Ким Кардашян ҳәм Рианна да даўам еттирди. Яғный, брилок сыпатында кишкене Лабубу ойыншығын сумкасына қыстырып жүрген топ жулдызлардың бул ҳәрекетинен соң ойыншық тез ғалаба ен жайып, мода түсине енеди. Коллекциялық ойыншықлар 2015-жылы пайда болды, бирақ, 2025-жылдың бәҳәринде ҳәммеси атақлы шахслардың арқасында танылыўға еристи.

Буннан кейин лабубулар сүўретленген ойыншықлар ҳәм буйымларға талап кескин артқан. Ҳәзирги ўақытта Тик Ток ҳәм Ютубта Лабубудың жаңа түрдеги видеолары миллионлаған көриўлерди жыйнап, оны және де трендке айландырып атыр. Яндекс мағлыўматларына бола, май айында «Лабубу» гилт сөзи менен сораўлар саны миллионнан асқан. Июнь айының басына келип болса ойыншық ҳаққындағы мағлыўмат күнине 100 мыңнан аслам мәрте соралған.

Дәслеп ол балалар ҳәм коллекционерлердиң қәлеген объектине айланып, кейин ата-аналар, психологлар ҳәм ҳуқық қорғаў уйымларының итибарын да тартқан.

ПСИХОЛОГ НЕ ДЕЙДИ?

— Бизлердиң балалығымызда да көплеген ойыншықлар бар еди. Мәселен, тислери ақшыйған крокодиллер, қорқынышлы айыў сыяқлы. Ҳәммемиз балалығымызда жақсы көрген ойыншыяки крокодилдиң орнына ҳәзир бизде мүйизли ашыўшақ қоян бар. Сырткы көриниси күлкили, тийкарында болса, ишки кейпиятымызды сәўлелендиреди. Ата-ана перзентиниң минез-қулқын емес, қәбилетин сынай берсе, бала өзин жаман, жағымсыз сезип, сол көриниске уқсамақшы болыўы мүмкин. Соның ушын ата-аналарға баланың ҳәрекетин баҳалаўға, шахсына ҳүрмет пенен қараўға мәсләҳәт беремен. Сондай-ақ, баланың қәлеўин пүткиллей тоқтатпай, бир ойыншыққа ҳәдден тыс байланып қалыўына жол қоймаў керек. Лабубуды биринши көргенде ересеклер ушын унамсыз тәсир қалдырыўы мүмкин. Бирақ, бул сезимди балаға жүклеўге болмайды. Бизге қорқынышлы көринсе де, балалар ушын ондай емес. Көбинесе ертек, мультфильм қаҳарманлары да қорқынышлы, бирақ, мийримли болады. Мақлуқ ҳәм малика ҳаққындағы ертеклердегидей, сыртқы көриниси емес, оның тәрбиялық әҳмийети керек. Баланың ишки эмоционал сезимлерин толтырыў ушын ойыншық зәрүр. Балаға керек емес деп қадаған ете бергени менен оған бала қайтама өш болады. Бир сөз бенен айтқанда, бала қызығып, әдеттеги ойыншықлардай етип ойнаса ҳәм оған байланып қалмаса, коллекция жыйнамаса ол қәўипли болмайды, - дейди психотерапевт шыпакер Бахытлы Асеметдинова.

Гейде қорқынышлы ойыншықлар менен ойнаў онша алағада болмайтуғын нәрсе сыяқлы көринсе де, баланың психологиясына үнсиз сигнал берип атырған болыўы да мүмкин. Бирден сезилмесе де қорқынышлы ойыншықлар ҳаўлығыў, қорқыў, жағымсыз түслер ҳәм стресске алып келиўи де мүмкин. Бала өз сезимлерин толық айта алмағаны ушын ҳәр қыйлы симптомлар арқалы көринеди. Бундай ўақытта баланы тек ғана бир ойыншықтың себебинен деп есапламай, оны психолог шыпакерлерге көрсетип, мәсләҳәт алып, себебин анықласа орынлы болады, деп ойлаймыз.

БИЗДЕ ОЙЫНШЫҚТЫҢ БАҲАСЫ ҚАНША?

Биз және лабубудың келип шыққан орнындағы жағдайға қайтайық. Бул ойыншықты ислеп шығарып сатқаннан соң нәтийжелер күтилгенинен де жоқары болды. 2024-жылы лабубу саўдалары 419 миллион долларды қураған, Поп Марттың улыўма капиталласыўы болса 18,3 миллиард долларға жеткен. Компанияның тийкарын салыўшы Ван Нин бир жыл ишинде өзиниң байлығын 8,5 доллардан 18,3 миллиард долларға жеткерип, Қытайдың ең бай адамларынан бирине айланды.

Дүньяның көплеген мәмлекетлериниң базарына кирип барған лабубу бизлердиң де саўда орынларымызда сатылмақта. Яғный, базардағы ойыншықлар саўда орынларында бул ойыншықтың баҳасы тийкарғысы (оригиналы) ҳәм жасалмаларына қарап түрли баҳаларда сатылмақта. Жасалма түрлери базарларда 56 мың сум, ал, сырт елден алып келинген тийкарғылары болса 120, 150 мың сумнан сатылмақта.

— Талап жоқары болған соң сатыў ушын алып келемиз. Ойыншық мениңше, оншелли қорқынышлы емес. Жумсақ ойыншық. Саўдасы да жаман емес, - дейди сатыўшылардың бири менен сәўбетлескенимизде.

Ал, ата-аналардың бирин сәўбетке тартқанымызда:

— Қызым бес жаста. Балалар бақшасына барады. Нешше күннен берли лабубу деген ойыншықты алып бер, мама, деп тынышымды алды. Ол қандай ойыншық екен, деп қызықсынып, базардағы саўда орнына барғанымда түри бир әжеп тәўир ойыншық екенлигин көрдим. Алып бермедим,-дейди Серегүл атлы келиншек.

ЖУЎМАҚ

Биз бүгин социаллық тармақлар тез пәт пенен раўажланған дәўирде жасап атырмыз. Дүньяның арғы басында ҳәзир ғана болған ўақыя жасын тезлигинде тарқалып, бизлерге де жылдырымдай жетип келеди. Қолымыздағы кишкене ғана телефонды ашсақ пүткил дүньяны, жақсыны да, жаманды да көремиз. Ал, сол телефон бүгин еле есин де танып үлгермеген кишкене нәрестелердиң қолларында жүр. Олар «Маша и медвед», «Синий трактор» яки «Зам-зам-зам» менен үлкейип атыр. Оннан үлкенлери болса, телефон кнопкаларын басып, қәлеген нәрсесин көреди...

Мине, енди балалар ойыншықлары да бизлерди ойландырарлық жағдайға алып келип атыр. Мениңше, қайдағы бир лабубуға балаларымызды үйирсек етпестен, өзлеримиздиң миллий қаҳарманларымыздың келбетин сәўлелендиретуғын ойыншықларымызды ислеп шығарыўды жолға қойып, ишки базарымыздағы ойыншықлар дүканларын толтырсақ, бала тәрбиясында жақсы нәтийжеге ерисемиз, деп ойлайман. Бул мәселеге әлле қашанақ қәдем тасланып, нөкисли өнермент Махада Аллambергенованың шеберлик мектебинде миллий ойыншықлар тигилип, исленип келинбекте. Өнерменттиң устаз-шәкирт мектебинде бул өнерге қызығыўшы жаслар көпшиликти қурайды. Тек ғана бул өнерди ен жайдырып, ислеп шығып, балалар дүньясының ойыншықлар әлемине сатыўға шығаратуғын исбилерменлер табылса жақсы болар еди, деген пикирдемиз. Бул, дурыс болар. Ал, сизиң пикириңиз қандай?

Гүлнара ТУРДЫШОВА,
Қарақалпақстан хабар агентлиги.

ХАБАРЛАНДЫРЫЎ ҲӘМ ДАҒАЗАЛАР

«Бозатаў дийқан базары» Жуўапкершилиги шекленген жәмийети пайшыларының дыққатына!

«Бозатаў дийқан базары» ЖШЖ пайшыларының улыўма жыйналысы 2025-жыл 29-август күни саат 10.00 де Қарақалпақстан Республикасы Бозатаў районы, Амир Темур көшеси, 10-жайда жайласқан район ҳәкимлиги имаратының мәжилислер залында болып өтетуғынлығын мәлимлеймиз.

Күн тәртибинде:

1. «Бозатаў дийқан базары» ЖШЖне қараслы бос турған (пайдаланылмай атырған) ҳәкимшилик имаратын белгиленген тәртипте саўдаға шығарыў мәселеси көрип шығылады.

«Бозатаў дийқан базары» Жуўапкершилиги шекленген жәмийети.

2025-жыл 15-август күни саат 11:00де Абу Райхан Беруний атындағы Үргениш мәмлекетлик университетиниң еркин излениўшиси Рахимова Лайло Муминбоевнаның 10.00.06 — Салыстырмалы әдебияттаныў, салыстырмалы тил билими ҳәм аўдарматаныў қәнигелиги бойынша «Огзаки дискурснинг функционал-формал ва лингвокултурологик хусусиятлари (Ўзбек ва инглис тиллари мисолида)» темасындағы филология илимлери бойынша философия докторы (PhD) илимий дәрежесин алыў ушын усынылған диссертациясының қорғаўы Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы илимий дәрежелер бериўши PhD.03/30.04.2022.Fil.20.07 санлы Илимий кеңес мәжилиси Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Мәлимлеме ресурс орайы бас студиясында болатуғынлығын мәлимлейди.

Қарақалпақстан Республикасы Жазыўшылар аўқамы ҳәм «Әмиўдәрья» журналы жәмәәти Жазыўшылар аўқамының ағзасы Гүлнара Нурлепесоваға әкеси

Жүгинис НУРЛЕПЕСОВтың

қайтыс болыўына байланыслы кеўил айтады.

«ЕРКИН ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»— «ВЕСТИ КАРАКАЛПАКСТАНА»

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛЕР: Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, Министрлер Кеңеси ҳәм редакцияның мийнет жәмәәти.

Бас редактордың ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы Қурбанбай БАЙНИЯЗОВ

МӘКАН ЖАЙЫМЫЗ: 230100, Қарақалпақстан Республикасы, Нөкис қаласы, Ислам Кәримов көшеси, 109-жай.

Газета А-2 форматында ҳәптесине 3 рет шығады. Газетаның көлеми 2 баспа табақ. Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасында дизимге алынғанлығы туўралы 2007-жыл 7-февральда берилген гүўалық №01-001.

Бас редактор 222-88-54, Бас редактордың орынбасары 222-88-56, экономика ҳәм социаллық мәселелер редакциясы, жуўаплы секретарь 222-88-52, аграр-экономикалық редакция, жәмийетлик-сиясий редакция, хатлар ҳәм репортажлар редакциясы, реклама ҳәм дағазалар бөлими 222-85-22, бас есапшы 222-88-59.

Газетаның басылыўына «GOLDEN PRİNT NUKUS» ЖШЖ, газетаны тарқатыўға «Өзбекстан почтасы» АЖ Қарақалпақстан филиалы ҳәм «Матбуот тарқатувчи» ЖШЖ жуўапкер.

Газета компьютерде терилди ҳәм офсет усылында басылды.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасынан көширип басылған материалларға газетаның аты көрсетилиўи тийис.

Газета редакциясына келип түскен хатлар, қолжазбалар ҳәм сүўретлер рецензияланбайды ҳәм қайтарылмайды.

Авторлардан көлеми 5 беттен зыят (ҳәр бети 30 машинка қатары) материаллар қабылланбайды.

Реклама ҳәм дағазалардың дурыслығына реклама бериўши жуўапкер.

Тиражы 973 дана. Буйыртпа №791 Индекси: пуқаралар ушын: 2008. кәрханалар ушын: 2009.

Басыўға руқсат етилген ўақты 17.30.

ISSN 2181-5208

Нәўбетши редактор: Б.КАРАМАТДИНОВА. Нәўбетши: Г.САПАРОВА.